# Ministrler Keńesiniń Baslıǵı jeke qabıllawın ótkerdi

**Image not found or type unknown**

Búgin Ministrler Keńesiniń Baslıǵı gezektegi jeke qabıllawın ótkerip, óz múrájatları menen kelgen puqaralardı qabılladı.

Atap aytqanda, D.Urazova óz isbilermenligin rawajlandırıw ushın kredit boyınsha ipoteka bankine bir neshe ret múrájat etiwine qaramastan hesh qanday sebepsiz isbilermenge kredit ajıratılmaǵan. Búgin puqara Ministrler Keńesiniń Baslıǵı qabıllawında bolıp óziniń mashqalasın bildirip, keleshektegi rejeleri menen tanıstırdı. Múrájat óziniń unamlı sheshimin tawıp, ipoteka bankine tez pursatta kredit rásmiylestiriw boyınsha anıq tapsırma berildi.

Image not found or type unknown

Puqara Yu.Xodjaeva jeńilletilgen kredit esabında alǵan turaq-jayınıń kreditin tólewde qıyınshılıqqa ushırasıp atırǵanlıǵın bildirip múrájat etti. Ministrler Keńesiniń Baslıǵı tárepinen Nókis qalası hákimine puqaranıń bir jıllıq kreditiniń 50 payızın «Saqawat hám kómek» qorı esabınan tólep beriw máselesin tez pursatta kórip shıǵıw tapsırması berildi.

Sonıń menen birge puqara A.Asaubaevtıń gaz tarmaǵına jalǵanıw boyınsha etken múrájatın unamlı sheship beriw boyınsha taraw juwapkerlerine wazıypalar belgilep berildi

Image not found or type unknown

QR Ministrler Keńesiniń Málimleme xızmeti